EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.2 | SJIF = 8.165 www.in-academy.uz




# "KINETIC PORTRAIT IN K. KARIMOV'S NOVEL-TETRALOGY "AGABIY"

**Allamuratov Gayrat Abatbaevich**
Karakalpak State University named after Berdakh
https://doi.org/10.5281/zenodo.11257911

**ARTICLE INFO**
Received: 15th May 2024
Accepted: 22th May 2024
Online: 23th May 2024
**KEYWORDS**
*Novel, portrait, somatic, vestial, kinetic, image, plot.*

**ABSTRACT**
*The article examines portraiture in novels and its poetic service. An artistic portrait is divided into somatic, vestial and kinetic types depending on the lexical nature of the words used to create the image of the hero. Our work analyzes portraits in K. Karimov's tetralogy novel "Agabiy".*

# К.КАРИМОВТЫҢ «АҒАБИЙ» РОМАН-ТЕТРАЛОГИЯСЫНДА КИНЕТИКАЛЫҚ ПОРТРЕТ

**Алламуратов Ғайрат Абатбаевич**
Бердақ атындағы қарақалпақ мәмлекетлик университети
https://doi.org/10.5281/zenodo.11257911

**ARTICLE INFO**
Received: 15th May 2024
Accepted: 22th May 2024
Online: 23th May 2024
**KEYWORDS**
*Роман, портрет, соматикалық, вестиаллық, кинетикалық, образ, сюжет.*

**ABSTRACT**
*Мақалада романларда портрет ҳәм оның поэтикалық хызмети ҳаққында сөз етиледи. Көркем портрет қаҳарман образының жасалыўында қолланылған сөзлердиң лексикалық өзгешелигине қарай соматикалық, вестиаллық ҳәм кинетикалық болып түрлерге бөлинеди. Жумысымызда жазыўшы К.Каримовтың «Ағабий» роман-тетралогиясындағы портретлерге анализ жасалады.*

Кинетикалық (грек сөзи «ҳәрекет») портретте қаҳарманлардың қыймыл-ҳәрекети, қозғалысы, мимикасы арқалы оны басқалардан айырып турыўшы өзине тән, көбинесе рефлектив (санасыз, өзи аңламаған ҳалда тәкирарланыўшы) ҳәрекетлери дыққат итибарға алынады. Лаконизм тийкарында көп сөзди ықшамлаў мақсетинде бас, көз, қол ҳәрекетлери менен де сөзлик уғымлар аңлатылады.

Рус илимпазы Г.Старикова рус әдебиятында гүрриңлердеги қаҳарман портретин илимий анализ ислеп, қаҳарманлардың сыртқы көринисин сүўретлеўде жүз белгилери ҳәм ым-ишаралардың әҳмийетли ўазыйпа атқаратуғынлығын белгилейди. Бунда кинетика арқалы қаҳарманның ишки-сезимлерин, ықтыярлы ҳәм ықтыярсыз түрде әмелге асатуғын бет-жүз ҳәрекетлериниң сөзлер арқалы билдирилиўин атап өтеди [1].

Өзбек илимпазы И.Султан кинетикалық ҳәрекетлерден келип шығатуғын мимикаларды портреттиң қурам бөлеги сыпатында қарап, оны портрет пенен қоса үйренеди. «Портретке және қаҳарманның сөйлеў темпи, өзине тән қылықлары ҳәм түрли руўхый жағдайлар себепли оның жүзинде болатуғын өзгерислер (мимика) де киреди» [2.188]. Ал илимпаз Т.Бобоев мимик-пантомимикалық ҳәрекетлер, ым-ишараларды көркемлеў қураллары сыпатында портреттен бөлек ҳалда өз алдына үйренеди. Бирақ оның мимикалық-пантомимикалық ҳәрекетлерге берген тәрийиплери қаҳарман портретиниң сыпатламасы менен бирдей келеди. «Мимикалық-пантомимикалық ҳәрекетлерде ым-ишараларда қаҳарманның сол ўақыттағы, руўхый аўҳалы, кейпияты, сол секундлардағы туйғылары да сүўретленеди» [3.179].

Қарақалпақ әдебияттаныў илиминде қарақалпақ повестьлеринде қаҳарманлардың характерин психологиялық сүўретлеў шеберлиги мәселесин үйренген илимпаз Ж.Есенов «Шеберликтиң сырлары» (Нөкис, 1986) мийнетинде қаҳарманның ишки руўхый дүньясын ашып бериўде көркем психологиялық сүўретлеў усылларының бири қыймыллардың (жест) поэтикалық хызмети ҳаққында пикир жүритеди. Илимаздың анализ ислеген қыймыл психологиялық сүўретлеў усылы бизиң сөз етип атырған кинетикалық портрет детальлары менен теориялық жақтан уқсас келеди. «Ал қыймыл болса қаҳарманның ишки дүньясындағы жай көзге көрине бермейтуғын ең майда ҳәм қарама-қарсылықлы сезим ҳәм ойларды да реалистлик пенен психологиялық планда ашыўға жәрдемлеседи. Мине, соның ушын да қыймылды пайдалана билиў де психологиялық анализлеўдиң ең жетилискен усылларының бири...» [4.94]. Ж.Есенов қыймылды сүўретлеў усылы әдебий шығармада қаҳарманды оқыўшы көз алдына жанлы, турмыстағыдай етип көрсетиўде ҳәм олардың ишки сезимлерин, психологиясын, дәўирдиң шынлығын ашып бериўде әҳмийетли екенлигин атап өтеди.

Әдебияттаныўшы З.Бекбергенова портретте сыртқы көринис, ҳәрекет ҳәм психологияның комплекслилиги ҳаққында төмендегише пикир жүритеди: «Егер де, портрет жазыўшының жекке мақсетине ғәрезли жасалса, оқыўшыға тәсир күши сезилместен, ол мәзи безеў қуралы болып қалады. Ал, инсанның сыртқы көриниси, қыймыл-қозғалысы (кинетикасы – А.Ғ.), ишки руўхый дүньясы өз-ара байланыста алынған жағдайда ғана қаҳарманның портрети исенимли шығады» [5.136]. Илимпаздың бақлаўларына қосылсақ болады. Себеби, портреттеги ҳәр бир деталь мәзи сызылып қоймастан, ҳәр қайсысы өз алдына поэтикалық «жүк» көтерсе ғана ол көркем әмел ўазыйпасын атқарады. Кинетикалық портрет арқалы персонаж басқа персонажға, қубылыс яки ҳәдийсеге өзиниң мүнәсибетин билдирип турады, сондай-ақ, қыймыл-қозғалыслары тийкарында образдың ашылмаған характерлик белгилери де көринеди.

Илимпаз Ж.Қаниязова жазыўшы Ш.Сейтовтың шығармаларындағы образларға анализ жасағанында жазыўшының портрет жасаў шеберлигин анықлай отырып, кең пландағы портретлик сүўретлеўден гөре оның ҳәрекеттеги (кинетикалық) портретти өнимли сызатуғынлығын айтып өтеди. «Жазыўшы (Ш.Сейтов – А.Ғ.) қаҳарманлардың бет-әлпетиндеги қысқа портретлик детальларды, көзқарасларын, күлкисин, мимика сыяқлы үнсиз қатнасларды, қаҳарманға тән әдет ҳәм қылықларды сүўретлеў арқалы олардың руўхый жағдайларын көрсетеди» [6.108].

Шығармада қаҳарман образын сыпатлаўшы портретлик детальлар көплеп сызыла бериўи мүмкин, бирақ олар поэтикалық функция атқармаса, яғный оқыўшының көз алдында жанланып ҳәрекет етпесе, тирилмесе, образдың көркемлениўине хызмет етпесе, онда олардың поэтикалық зәрүрлиги қалмайды. Оқыўшы оқып атырған ўақыя, ҳәдийсени визуал тамашалаўы ушын образ ҳәркетке түсиўи шәрт. Мине, усы ҳәрекет кинетикалық компонент сыпатында портрет қурамында үйрениледи.

Ҳәзирги қарақалпақ романларында портреттиң кинетикалық түринен жазыўшылар өнимли қолланып атырғанлығын көриўимиз мүмкин. Қаҳарман образының жанлы ҳәрекетин, оның сөз бенен айтпай қалған ишки кеширмелерин, сезимлерин оқыўшы санасына жеткериўде авторлар кинетикалық портретке мүрәжәт етеди. Кинетикалық портрет, көбинесе, диалоглар менен қатар келип, автор сөзинде берилетуғын, яғный қаҳарманлар тәрепинен айтылған репликаларға, автордың берген түсиндирмесинде (ремаркада) персонаждың ишки кеширмеси, сол ўақыттағы жағдайы, оның ҳәрекетлеринде, жүзинде пайда болатуғын өзгерислер тийкарында айрықша белгилери сызылады.

Жазыўшы К.Каримов «Ағабий» романында қаҳарман образының қыймыл-қозғалысын сызып, оның психологиясын, ишки кеширмелерин бериўде кинетикалық портреттен көркем әмел сыпатында пайдаланады. Персонаждың өзине тән белги ҳәм қәсийетлерин айырып көрсетиўде, оның жанлылығына ерисиўде хәр бир портретлик детальларды дөретиўшилик пенен сызғанлығын көремиз.

Романның биринши китабында («Көш») Төлесин Торықасқа атқа қуштар болып, Қулшының босағасында күнлеп жатып атты ала алмаслығын билип, пысы қурыйды. «*Соңынан қаўын қарақшыдай салбыраған ийинлерин көтерди, солғын нәзеринен от шашырағандай болды. Ыза аралас қорқынышлы даўыс пенен:* «Торықасқаға бек бол, бек бол бий аға», деп қырылдады[7.23]. Бул орындағы кинетикалық портретте Төлесинниң ат себепли делбе болғанлығын, кейпиятының жоқ екенлигин көзимиз бенен көргендей боламыз. Ыза толы даўыс пенен айтылған «Торықасқаға бек бол, бек бол бий аға!» деген сөзи қулағымызға еситилгендей болады.

Сондай-ақ, романда Қулшы бийдиң Бухара әмири Шахмурат пенен ушырасыўы портрети сүўретленеди. «*Әмирди көриўден дизерлей сала терис әйўанға төселген гилемге басын тийгизип, бүккесине түсип, бас көтермей атырған бийди Шахмурат әмирдиң жағымлы қоңыр даўысы орнынан турғызды.*

– Жетер Қулшы бий, тур орныңнан!

– Қуллық тақсыр, бас үстине, - *деп бий орнынан салдаманлы турды, әмирдиң нәзери түсиўден тағы ийилип, тәжим етти. Бий сарайға көп мәрте келген, сол ушын бул жердиң тәртип-интизамын да биледи*» [7.56]. Қулшы бийдиң кинетикалық портрети оның әмир алдындағы басын гилемге тийгизип бүккесине түсиўи, әмирдиң руқсатысыз бас көтермей турыў ҳәрекетлеринде сүўретленеди. Оқыўшы Қулшы бийдиң бул кинетикасын жанлы гүзетип, сарай фонында Қулшыға қарап турған әмирдиң де сүлдерин көз алдына келтиреди.

Жазыўшы еки персонаждың кинетикалық портретин параллель қойып сызыў әмелин қоллаған ҳалда жақсы нәтийжеге ериседи. Мәселен, мына картинаға итибар қаратайық: «*Төрге төселген кийиз үстинде түйениң жарты етиндей боласынлы, мурты*

*орақтай, жалпақ етлес бетине тәңки мурны батып, зорға көринип турған, басына қазандай темир дубылға кийген, қол жетер жердеги қылыштан көзин айырмай, жамбаслап жатырған адам Ережепке нәзер салмастан, балтырын жүн басқан шеп аяғын сәл көтерип, сәлемге усынды.*

– Тарт аяғыңды, Жантай батыр, - *деп Ережеп узатылған аяқты теўип жиберди.* Сен Жантай болсаң, мен Ережеп батырман. Жаў-жарағыңды асын да майданға шыға бер. Болмаса хызметкериңнен ўақты менен орнын айт та, хабар жибер, усы менменлигиң ушын жекпе-жекте қаныңды ишпесем, тентек атым қурысын!» [7.406]. Картинада Жантай батыр менен Ережеп батырдың портретлери қатар сызылады. Бул мысалда Жантай батыр бир аўыз сөз айтпайды. Барлық уғымлар оның нәзеринде ҳәм кинетикасында көринип тур. Ережептиң батырлығы да оның созылған аяқты теўип жибериў ҳәрекети, соның менен бирге айтқан сөзлеринде батыр жигиттиң келбети елеслейди.

Жазыўшы К.Каримовтың «Аққапшық» романында да кинетикалық портреттиң көплеген үлгилерин көриўимиз мүмкин. Романда халық ашаршылық пенен дусласқан пайытында ел арасындағы байлар халықты ашлықтан сақлап қалыўдың илажын қарастырып баслайды. Сонда Асқар бай менен Еркинбай былайынша ойласық қурады: «Мен арқа таман – татар менен башқурға, қазақ пенен орыс таманнан дән әкелиў имканын ойлап отырғаным. Өзиңиз ол таманға кәрўан менен талай барып қайтқансыз. Қандай ақыл бересиз? - *деп Асқар Еркинбайға тигилди*.

*Төрде малдас қурынып отырған Еркинбай буўрыл сақалын тутамлап ойға шүмди. Араға үнсизлик шөкти. Тысқарыда күн ыссы, бирақ қалыңлығы бир гез келетуғын дийўаллардың, ямаса атпа ылайдан тикленген жайдың әтирапындағы ағашлардың шарапаты ма, өжире қоңыр салқын еди, сонда да терлей баслаған Еркинбай үстиндеги жипек шапанды шешип, жанына қойды. Соң тилге кирди.*

– Дәнди өзиң айтқан таманнан әкелген мақул»[8.211]. Картинада Еркинбай менен Асқардың ишки руўхый ҳалына итибар қаратсақ, екеўи де терең ойдың, тәўекел истиң басында турғанлығын, қыйынлықтан шығып кетиў жолын излеп атырған адамлардың ойшаң портретлерин көремиз. Еркинбай қыйын мәселениң шешимин ойлап қоңыр салқын жайдың ишинде терлеп, ойға шүмеди, сақалын тутамлайды. Асқар тәжирийбели саўдагер болса да, Еркинбай менен ойласпаса ис питпейтуғынын жақсы биледи. Ал Еркинбай, теңиз асып басқа елден суў жолы менен елге дән алып келиўдиң қыйынлығынан терге батады. Романда усындай тарийхый, сиясий, жәмийетлик-турмыслық шараятларда қаҳарманлардың өз-ара қатнас мәселелеринде жүзеге келетуғын руўхый кеширмелери персонажлардың кинетикалық портретлери арқалы жасалғанлығы байқалады.

Жуўмақлап айтқанда, кинетикалық портрет өзиниң атқаратуғын поэтикалық хызметинен келип шығып, персонажлардың руўхый жағдайын, психологиясын оның ҳәрекетлеринде көрсетип, характерди анықластырыўға хызмет етеди. Қаҳарманлардың ара-қатнаслары тийкарында пайда болатуғын коммуникативлик мүнәсибетлердиң визуал көринисин пайда етип, оқыўшылардың әдебий қаҳарманды, оның ҳәдийсеге мүнәсибетин анық бақлап турады.

## References:

1. Старикова Г.В. Лексика портретных описаний. Дисс… канд. филол. наук. – Ленинград: 1984.
2. Султон Иззат. Адабиёт назарияси. – Тошкент: Ўқитувчи. 1986. – Б. 188.
3. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. – Тошкент: Ўзбекистон. 2002. – Б. 179
4. Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары. – Нөкис: Қарақалпақстан. 1986. – Б. 94.
5. Бекбергенова З. Қарақалпақ романларында көркем сөз поэтикасы (1980-2010-жыллар). Монография – Нөкис: Илим. 2016. – Б. 136.
6. Қаниязова Ж.О. Ш.Сейтов романларында характер жаратыў шеберлиги («Халқабад» роман-тетралогиясы мысалында). Филол. илим. филос. докт. (PhD) …дисс. – Нөкис: 2017. . – Б. 108.
7. Каримов К. Ағабий. Тарийхый роман. I китап. Көш. II китап. Ата журт. – Нөкис: Билим. 2013. – Б. 23.
8. Каримов К. Ағабий. Тарийхый роман. III китап. Аққапшық. – Үргениш: Хорезм. 2016. – Б. 211.